



# HUSHUMIRI HWA PAURO KUKORINTE

"Zino Ishe akati  
kunaPauro vusiku  
neciratidzo,  
'Usatya hako, asi  
taura,  
usanyarara;  
nokuti ini  
ndinewe;  
hapanomunhu  
ungakumukira  
akakuitira  
zakaipa, nokuti  
ndinavanhu  
vazhinji muguta  
rino.' "


(Mabasa 18:9, 10)



**Mushure menwadi kuvaRoma,nwadi kuvaKorinte ndidzo tsamba refu dzakanyorwa naPauro.**

**Tsamba mbiri dzakasara dzakanyorwa dzakaparadzana mavhiki mashomanene bedzi. Madziri, tinowana mazano anobatsira ekugadzirisa mamiriro ezvinhu akaoma anokonzerwa nekukakavadzana kwehama.**

**Kuti tinyatsonzwisisa shoko ravo, tinofanira kutanga taziva zvaitika padzakanyorwa.**



**Kudanwa kwaPauro**

**Rwendo rwekuyenda ku  
Korinte**

**Guta reKorinte**

**VaKorinte**

**Tsamba kuvaKorinte**



# KUDANWA KWAPAURO

“Pauro, muapostora, (usinakubva kuvanhu, kana kutumnga nomunhu, asi naJesu Kristu, naMjari Baba, wakamumutsa kuvakafa)”  
(VaGaratia 1:1)

Kunze kwevane gumi nevaviri vakasarudzwa naJesu, Bhaibheri rinotaura nezvevamwe vaapostora vakadai saMatiyasi ( Mabasa 1:26 ), Bhanabhasi ( Mabasa 14:4 ), Jakobho naPauro ( 1 VaKorinte 15:7-9).

**Pauro akava muapostora sei?**

**Akatumwa naJesu (VaGa. 1:1)**

**Akasanangurwa rinhi?**

**Kubva padumbu ramai uake(VaGa. 1:15)**

**Akadanwa rinhi?**

**Parwendo rwekuenda Damasko (Mabasa 22:6-7)**

**Akanga ari muapostori wana ani?**

**uahedeni(VaGa. 2:9)**



Kubva panguva yaakadanwa, hupenyu hwaPauro hwakanga huri panani naJesu. Aifunga nezvaJesu, aitaura nezvaJesu, aigovana nezvaJesu nevanhu vese.

Nokuda kwechikonzero ichi, kubva panguva yokutanga yaakasvika muKorinte, Jesu akanga ari musimbote wemharidzo yavo (1 VaKorinte 2:2).

# RWENDO RWEKUYENDA KU KORINTE



**"Shure kwaizozo, Pauro wakabva Atene, akaşika Korinte" (Mabasa 18:1)**

Parwendo rwake rwechipiri rwoumishinari, Pauro akamanikidzwa neMweya Mutsvene kuenda kuYuropu (Mabasa 16:6-10). Ikoko akadzanga muFiripi ( Mabasa 16:12, 38-39 ), muTesaronika ( Mabasa 17:1, 5, 9-10), uye kubva muBerea (Mabasa 17:13-14).

MuAtene, mushure mekuparidzira vaJudha musinagogi nevasiri vaJudha pamusika, akadanwa kuti anoparidza paAreopago (Mabasa 17:16-21). Mushure mehurukuro ine hunyanzvi, vashoma chete ndivo vakagamuchira Jesu (Mabasa 17:34).

Achibva kuAtene, Pauro akaenda kuKorinde ndokubatana naAkwira naPrisira, vaaishanda navo kugadzira matende. ( Mabasa 18:1-3).

Sezvaaiita nguva dzose, akatanga kuparidzira vaJudha musinagoge, achizopedzisira aparidzira vaHedheni (Mabasa 18:4-8). Paaiva muKorinte, uye mushure me"kuodzwa mwoyo" kwaakaita muAtene, Pauro akasarudza kusashandisa huchenjeri hwevanhu, asi kuparidza chete nezva"Jesu Kristu, iye akarovererwa pamuchinjikwa" (1 VaKorinte 2:2).



# GUTA REKORINTE

**"sezavari'po vamhari vazhinji, namadzishe mazhinji" "**  
**(1 VaKorinte 8:5b)**

Korinte yakaparadzwa neRoma muna 146 BC. Gare gare, Julius Caesar akatumira vaiva varwi vehondo nevarume vakasununguka muna 46 BC kuti vandogaramo. Pakupedzisira, guta racho rakazodzokazve muna 44 BC. Panguva yakashanya Pauro, rakanga ratova nzvimbo inokosha yekutengeserana.

- Kukosha kweguta reKorinde kwaibva panzvimbo yaro, iri palsthmus yeKorinde, uye richiwana zvinhu kuburikidza nezviteshi zviviri zvikuru zvekutengeserana: Lechaenum, iri paGulf yeKorinde; neCenchreae, iri paSaronic Gulf.

Mabasa ake ebhizimisi akagonesa Pauro kushanda semuiti wematende. Asi hupfumi hweKorinde (uhwo hwaikwikwidzana nehweMuAtene) hwaiva nezvakaipira zvakati wandei.



Kunamata zvidhori nehupombwe zvakazadza guta uye zvakapararira mutsika dzaro. Ruzhinji rwemashoko aPauro kuvaKorinte rwaiedza kubvisa matambudziko aya aipinda musangano.



# VAKORINTE

**"Zino Ishe akati kuna Pauro vusiku neciratidzo, 'Usatya hako, asi taura, usanyarara' " (Mabasa 18:9)**

VaJudha vokuKorinte vakaramba shoko racho, vachimanikidza Pauro kuti abude musinagogi ndokutanga kusangana neVemamwe Marudzi muimba yaiva pedyo nesinagogi. 18:4-7).

**"Kushata kwaakaona pakati pevahedheni, uye kushorwa nekutukwa kwaakaitwa nevaJudha, zvakamuita kuti arwadziwe zvikuru mumoyo make. Akanga asina chokwadi nehuchenjeri hwekuedza kuvaka sangano kubva pazvinhu zvaakawana ipapo" -Non-Official translation by Gift Mawoyo (EGW The Acts of the Apostle p. 250).**

Panguva iyoyo, Jesu akazviratidza muchiratidzo cheusiku kuti akurudzire Pauro kuti aenderere mberi nebasa rake pakati pevaKorinde, achimuvimbisa kuti kwaiva nevazhinji vaizogamuchira shoko ( Mabasa 18:9-10).



**Asimbiswa nechiratidzo ichi, Pauro akagara muKorinte kwegore nehafu ( Mabasa 18:11 ). Pakupedzisira, vaJudha vakaunza Pauro pamberi pematire ( Mabasa 18:12-13 ). Panguva yaakabva muKorinde, sangano guru rakanga ratangwa (Mabasa 18:18).**

# TSAMBA KUVAKORINTE

**"Nokuti ndakavudzwa pamsoro penyu, hama dzangu, navari vokuKroe, kuti kunegakava pakati penyu" (1 VaKorinte 1:11)**

## 1 VaKorinte 1-6


Mushure mekunge Chloe audza Pauro nezvematambudziko akasiyana-siyana ari musangano, anovapa yambiro maererano nezve: kupatsanurana; unzenza hwepabonde; kukakavara; uye hufeve..

## 1 VaKorinte 7-16

Mhuri yaChloe yakamuunzirawo tsamba ine mibvunzo yakati wandei kubva kusangano pamusoro penyaya dzakapindurwa naPauro maererano ne: kuroorana; kurambana; kusaroora; chikafu chakabayirwa zvfananidzo; mufambiro mukunamata; kushandiswa kwezvipa zvemweya; uye kumuka kwevakafa.

## 2 VaKorinte

Tsamba iyi ndiyo yechipiri yakachengetedzwa, kunyange zvazvo Pauro akanyora dzimwe dzakawanda (pamwe mbiri idzi dzakasvika kwatiri dzisati dzanyorwa, kana kuti dziri pakati padzo). Anorumbidza vaKorinte nemashandiro avakaita kugadzirisa mamwe matambudziko, asi anovakurudzira kuti vaone nyika vachishandisa maonero evhangeri, vachidzivirira pesvedzero yetsika dzevanhu vakavapoteredza



**“Vatumwa vaMwari vari mumaguta makuru havafaniri kuora mwoyo nekuda kwehuipi, kusaruramisira, netsika dzakaipa dzavanosangana nadzo pavanenge vachiedza kuparidzira mashoko akanaka eruponeso. Ishe anoda kukurudzira mushandi mumwe nemumwe akadaro nemashoko akafanana neaya aakapa muapostora Pauro muguta rakaipa reKorinte.**

**: “Usatya hako, asi taura, usanyarara; nokuti ini ndinewe; hapanomunhu ungakumukira akakuitira zakaipa, nokuti ndinavanhvu vazhinji muguta rino.” Mabasa 18:9,10... [...] Muguta rega rega, kunyange zvazvo rizere nechisimba nemhosva, kune vazhinji vanogona kudzidza kuva vateveri vaJesu nedzidziso yakanaka. Nokudaro zviuru zvevanhu zvinogona kusvikwa nechokwadi chinoponesa uye zvinotungamirirwa kugamuchira Kristu seMuponesi wavo.” -Non-Official translation by Gift Mawoyo**